



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS NAN 11 KONTE YO PLISKE GWO
LAPLI AK GWO VAN KOZE INONDASYON AK BLAKAWOUT**

Li Deplwaye 200 Manm nan Gad Nasyonal la pou Ede ak Operasyon Repons yo

*Yo te Rapòte Plis Pase 241.000 Blakawout nan tout Eta a ak Prèske 60 Fèmte Wout
nan Zòn ki Afekte yo Deklare Enpratikab*

Li Aktive Sant Operasyon Eta Dijans

*Anvan Tanpèt la, Yè Gouvènè a te deplwaye Ekipman ak Pèsonèl ki so nan
DHSES, DOT, Otorite Thruway, DEC, DPS, NYS Police, NYPA, Canal Corporation
ak Parks Department*

*Videyo Reyinyon Gouvènè a avèk Ekip Repons Dijans ak Sondaj Domaj Tanpèt la
Disponib [Isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon eta dijans pou Konte Cayuga, Chautauqua, Dutchess, Erie, Essex, Hamilton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Saratoga ak Warren pliske gwo lapli ak gwo van lakòz inondasyon ak blakawout nan pifò pati nan eta a. Move tan ekstrèm sa lakòz prèske 60 fèmte wout atravè eta a epi li kite plis pase 241,000 batiman oswa kay san elektrisite. Gouvènè a ap deplwaye 200 manm Gad Nasyonal pou ede lokalite ak operasyon repons ak netwayaj. Sòlda yo ak avyatè yo pral deplwaye nan pwochen 24 èdtan yo epi yo pral ekipe ak lenks, kamyon baskil ak charyo traksyon avan pou ede netwaye debri yo. Gouvènè a ap aktive tou Sant Operasyon Dijans Eta a nan Albany nan stati Nivo Kat epi li ap mande ajans eta yo pou kontinye deplwaye ekipman ak pèsonèl ki bay repons pou ijans - pifò ladan yo deja sou tèren an. Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo fè anpil prekosyon epi vwayaje sèlman si sa nesèsè. Otomobilis yo dwe vwayaje avèk anpil prekosyon paske gen plizyè wout ki fèmen epi dlo inondasyon yo ka fè li difisil pou kondui pandan tout jounen an.

"Atravè nwit lan yon gwo tanpèt te frape eta a, ki pote avèk li gwo rafal van jiska 113 kilomèt pa èdtan ak gwo lapli ki te koze inondasyon rapid ak blakawout toupatou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Maten an nou te fè softaj nan kouran dlo rapid nan Konte Herkimer kote yon kay te riske baleye, nou te pran senk moun nan kay la enkli yon tibebe. Mwen ap deplwaye 200 manm Gad Nasyonal nan zòn ki afekte yo pou ede ak operasyon repons yo. Sitiyasyon sa yo kapab yon kesyon de vi ak lanmò, e mwen egzòte tout Nouyòkè yo pou yo fè anpil prekosyon epi vwayaje sèlman si sa nesèsè."

Nan Western New York, yon sistèm fò a bas presyon deplase atravè sid Quebec pral kontinye pwodwi van ki ka koze domaj atravè rejyon an bonè maten an. Yo atann ke

van yo ap diminye soti nan lwès rive nan lès nan Vandredi apwè midi. Lapli akoz efè lak ak nèj mouye pral kontinye nan lès lak yo jodi a, ak kèk akimilasyon minè posib atravè tèren maten an. Yon lòt vag lè ki pi frèt ka pote plis nèj ki gen efè lak atravè tèren ki pi wo nan lès lak yo pita nan Samdi swa ak Dimanch maten.

Nan North Country a, gen yon menas kontinyèl pou gen inondasyon minè alantou kouran dlo ki pi piti ak riso yo akoz debòdman ki te soti jiska twa pous lapli yèswa ak van lwès trè fò ki stabilize maten an, ak van ki pi fò ke yo espere nan Finger Lakes ak nan lwès Mohawk Valley anvan midi jodi a. Yo espere yon tanperati trankil epi pi frèt aswè a rive Samdi swa.

Nan Mohawk Valley a, yo espere zòn ki gen lapli lejè ak pòch izole nan lapli modere ap kontinye kite lès New York pandan bajou kase. Yo espere rafal van soti lwès rive nòdwès plis pase 64 kilomèt alè nan pifò pati nan zòn yo nan debi aprèmidi a jodi a.

Yo bay plizyè avètisman, alèt ak konsèy kont inondasyon ak gwo van pou plizyè pati nan Eta a, anpil ladan yo an anvigè jiska Samdi. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

Blakawout yo

A 11:45 a.m., gen plis pase 241,000 blakawout ak pi gwo konsantrasyon nan pati nò New York. Gen 185,000 ke yo retabli. Sèvis piblik New York genyen kounye a apeprè 5,000 travayè ki angaje nan evalyasyon domaj, repons ak restorasyon atravè eta a. Anplwaye depatman yo rete an kominikasyon konstan ak sèvis piblik yo epi yo pral kontinye kontwole efò yo pandan ak apre evènman tanpèt la.

Konpayi gaz ak elektrisite ka bay kliyan enfòmasyon sou siklòn ak sekirite ouben kliyan ka rele Sant Dapèl Depatman an pou jwenn enfòmasyon. Ou ka rele Lij Asistans PSC a nan 1-800-342-3377.

Operasyon Ajans yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)

Yo aktive Sant Operasyon Dijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la nan stati nivo kat pou ede pi byen nan kowòdinasyon ak deplwaman resous repons eta a nan kominote ki nan bezwen yo. Rezèv Eta rete ouvè epi yo ap deplwaye resous nan lokalite yo ki enkli ponp, tronsoneuz, sak sab epi dlo nan boutèy. Yo te deplwaye Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team) Eta New York maten pou ede gouvènman lokal la ak repons ensidan. Anplis de sa, yo deplwaye tout ekip rechèch ak sovtaj nan kouran dlo rapid nan Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi nan Eta (Office of Fire Prevention and Control) nan tout eta a epi kounye a ap menen yon kantite operasyon nan Mohawk Valley.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta gen 3,431 sipèvizè ak operatè disponib nan tout eta a. Tout kote Rezidansyèl ki afekte yo pral gen anplwaye pou operasyon 24/7 pandan tout dire

evènman, pandan ke sipò mekanik pral disponib 24/7 pou kenbe ekipman repons yo operasyonèl.

Ekip Rejyonal yo angaje yo kounye a nan aktivite repons a inondasyon ak van

Tout ekipman ki disponib pou reponn a inondasyon/van pare pou deplwaye. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1,512 gwo kamyon baskil abèn
- 45 kamyon chajè ki gen grapen yo
- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 35 ekskavatri sou ray
- 49 ekskavatri sou wou
- 55 traktè trelè ak trelè lowboy
- 15 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo
- 38 kamyon siyal sikilasyon
- 7 ponp dlo
- 76 kamyon dechiktez

Gen kounye a 58 fèmty wout atravè Eta New York, ki enkli 32 nan Mohawk Valley a. Disèt Ekip Evalyasyon Dega ak 12 Ekip Evalyasyon Pon ap prepare yo pou deplwaye nan Mohawk Valley pou evalye enpak tanpèt yo ak evalye aksyon ki nesèsè pou reouvri wout san danje.

Depatman Transpòtasyon a gen resous sa yo kounye anan Mohawk Valley:

- 82 gwo kamyon baskil abèn
- 3 kamyon chajè ki gen grapen yo
- 1 kamyon aspiratè ak jè egou
- 8 eskavatri ki a wou epi ki a chèn
- 5 traktè trelè ak trelè lowboy
- 1 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo
- 2 kamyon siyal sikilasyon
- 7 kamyon dechiktez

Yo raple otomobilis yo ke Lalwa Eta a egzije si "pa gen kouran" nan yon kafou epi siyalizasyon pou sikilasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa a ap vin tounen yon arè nan tout sans. Nan ka gen wout ki fèmten oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway nan Eta New York (New York State Thruway Authority) te vini ak anlwaye anlplis pou èdtan lanwit yo epi yo ap aktivman enspekte sistèm drenaj yo epi yo ap retire debri ki sou wout yo. Gen anlwaye k'ap siveye potansyèl inondasyon epi yo prè pou ede ak deplwaman ekipaj ak resous si nesèsè. Anlwaye Otorite Thruway yo deplwaye nan Sant Operasyon Rejyonal kote ki frappe pi di tankou Mohawk Valley ak Western New York.

Otorite Thruway la ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri nan [imèl TRANSalert](#), ki bay dènye kondisyon sikilasyon toutotou Thruway la. Pou mizajou an tan reyèl, otomobilis yo ka swiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter oswa by vizite www.thruway.ny.gov pou wè yon kat entèaktif ki montre kondisyon sikilasyon nan Thruway la ak lòt wout yo nan Eta New York.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye lapolis yo ki nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Jandam Forè yo, anplwaye jesyon ijans yo ak pèsònèl rejyonal yo tcheke zòn ak enfrastrikti ki sansib a domaj ki soti nan gwo van ak inondasyon. Ekip ovtaj nan gwo kouran dlo yo te deplwaye nan plizyè lokalite ak ekip si a vis yo lokalize estratejikman pou ede ak netwaye pyebwa ak reponn abezwen yo. Anplis de sa, tout resous disponib yo enkli veyikil sèvis piblik yo, prè pou ede ak nenpòt repons ijans.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta a te deplwaye twoup adisyonèl nan zòn ki frape pi di nan inondasyon an, ki gen ladan Konte Herkimer. Tout ekipman espesyalize ki gen ladan bato, 4x4 yo, machin a esye elve ak machin sèvis piblik yo an sèvis epi yo pare pou deplwaman imedyà. Ekip Rekiperyasyon Soumarin Lapolis Eta a ak Ekip Repons Operasyon Espesyal yo an atant tou ak pare pou ede jan sa nesesè.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Otorite Enèji New York la ak Canal Corporation te bay de kamyon lowboy pou ede avèk gwo jesyon dlo nan Konte Herkimer. Anplwaye NYPA/Kanal yo ap kontwole zòn ki gen gwo dlo ak deplwaye pèsònèl pou resous nan zòn ki afekte yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Ekip Polis Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York aktyèlman angaje nan operasyon netwayaj, ki gen ladan netwaye pyebwa ki tonbe ak branch ki gaye yo, evalye enstalasyon pou domaj ak siveyans zòn ki ba pou inondasyon.

Lòt konsèy sekirite

Pou prepare pou entèripsyon kouran potansyèl yo, moun New York yo ta dwe:

- Gen yon lis nimewo ijans ki deja disponib.
- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.

- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Si ou gen yon aparèy pou ouvri pòt garaj elektrik, lokalize levye ouvèti manyèl lan epi aprann jan li fonksyone.
- Kenbe tank gaz machin ou an omwen a mwatye plen; estasyon gaz yo depann sou elektrisite pou alimante ponp yo. Si ou itilize machin ou an pou rechaje mataryèl yo, pa kenbe machin lan ap fonksyone nan yon garaj, yon espas ki fèmèn pasyèlman, oswa ki tou pre yon kay - sa kapab lakòz anpwazònman akòz monoksid kabòn.
- Planifye pou gen yon sous altènatif pou kwit manje, tankou yon fou pou kan oswa griy ekstèn. Swiv règ sekirite ki apwopriye yo pou itilizasyon li deyò rezidans lan.
- Si ou ap konsidere achte yon jeneratris pou lakay ou, konsilte yon elektrisyen oswa yon enjenyè anvan ou achte epi enstale li.
- Toujou genyen dra, manto, chapo, ak gan ekstra ki disponib pou kenbe ou cho.
- Si ou gen yon òdinatè, sovgade dokiman yo ak sistèm fonksyònman yo regilyèman. Fèmèn tout òdinatè, ekran, ak lòt aparèy yo lè ou pa'p itilize yo.
- Si ou depann sou nenpòt bagay ki fonksyone ak batri oswa kouran tankou yon aparèy medikal, detèmine yon plan rezèv. Pa egzanp, si ou gen yon telefòn ki bezwen elektrisite pou li fonksyone, planifye mwayen kominikasyon altènatif tankou yon seri telefòn estanda, selilè, oswa radyo.
- Enfòmè ou sou plan ijans yo nan zòn ou an, ansanm ak adrèsabri rafrechisman ak pou chofaj ki pi pre ou yo, lè ou ap vizite sit entènèt eta oswa lokal ou an.

Si moun New York yo ap eksperimente yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmèn oswa dekonekte aparèy majè ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Toujou kite yon anpoul limen pou ou ka konnen lè yo retounen bay kouran an. Konsidere itilize pwotektè pou sichaj kouran yo nenpòt kote ke ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite nan Eta New York yo, vizite Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la. Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmèn - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmèn pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

- Lè li fè cho anpil, konsidere ale nan yon teyat pou fim, gwo espas magazen acha yo oswaabri pou rafrechisman yo. Si ou rete lakay ou, desann nan pi ba nivo a - lè fre yo bese. Mete rad ki lejè, ki pa gen gwo koulè yo, epi bwè anpil dlo, menm si ou pa santi ou swaf.
- Si ou nan yon batiman ki wo, itilize eskalye yo epi ale nan nivo ki pi ba nan batiman an. Si ou bloke nan yon asansè, rete tann asistans. Pa eseye fòse pòt yo ouvri. Rete pasyan - genyen anpil lè epi anndan asansè a elabore pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè yo, espesyalman sa nan machin yo. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondwi. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje pou obeyi tout règ arè wout lan nan entèseksyon ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone yo.
- Sonje ke ekipman tankou gichè automatik yo (ATM) ak asansè yo ka pa fonksyone.
- Si ka pa gen kouran pandan yon dire tan ki pwolonje, planifye pou ou ale nan yon lòt lokal, tankou lakay yon manm fanmi oswa zanmi ou, oswa nan yon etablisman piblik ki gen chofaj.

Pou ou ka jwenn yon lis konplè kondisyon metewo ak lide pou preparasyon yo anvan, pandan ak apre yon entèripsyon kouran, ale sou sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo sou <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/outage/>.

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)